

## **BUDAYA SUNDA KATUT TAREKAH MASARAKATNA**

Dinding Haerudin\*)

Teu saeutik anu rumahuh, humandeuar, jeung rupa-rupa ekspresi sejenna anu ngebreheun kateupanuju kana kaayaan basa Sunda kiwari. Wajar mun kitu tea mah, dan memang kondisi mangsa kiwari anu geus robah. Ti baheula oge upama nengetan literatur nu aya, rea tulisan anu medar perkara kaayaan basa Sunda anu pikasalempangeun.

Nyirorotna ajén basa Sunda katut raga katineung (*perhatian*) masarakatna teh lain taya sabab. Perkara anu mangaruhanana kacida reana, ti mimiti lingkungan campur gaul masarakat anu leuwih gede nepi ka lingkungan kulawarga, pangaruh ti papada jalma, nepi ka pangaruh lianna anu bau-bau teknologi maju, saperti radio, televisi, internét, jeung media elektronik sejenna. Eta pangaruh leuwih loba anu jadi bangbaluhna tinimbang ngarojongna kana mekarna kana basa katut budaya Sunda. Malah mangaruhanana ge lain kana basana wungkul, dalah nepi ka watek atawa tabiat, katut pola hirup masarakat Sundana sorangan. Teu wudu éta hal téh kasorang ku unggal masarakat Sunda lantaran dominasi arus informasi anu beuki rongkah, beuki maju, jeung beuki canggih.

Tumerapna ka barudak di sakola, eta pangaruh kacida gedena. Barudak kurang daria dina narima pangajaran basa Sunda. Padahal pangajaran basa daerah (Sunda) di Jawa Barat mangrupa pangajaran anu kacida pentingna. Ngaliwatan pangajaran basa jeung sastra Sunda, dipiharep budaya Sunda kalawan gembleng nerap na jati dirina masing-masing.

Nilik kana kaayaan saperti kitu, naha aya anu malire? Saha anu tanggung jawab? Jeung kumaha cara narekahanana? Pertanyaan kliseu model kitu mindeng kadenge dina unggal pasamoan nu medar perkara kasundaan. Tangtu wae aya anggota masarakat anu ukur cukup ngoméntaran wungkul, bari taya tarékah pikeun ngaréngsékeun masalahna. Tapi oge aya anu malire bari jeung dibarengan ku hojahna.

Di sagedeun pamarentah, geus rea tarekah dilaksanakeun ku masarakat Sunda nu udaganana pikeun ngahirup-huripkeun budaya Sunda, boh kana basa boh kana sastrana. Eta tarekah aya nu dilaksanakeun sacara pribadi oge aya nu dilaksanakeun ngaliwatan rupa-rupa organisasi kasundaan.

Dimimitian ku ngaliwatan kajian akademik, pamarentah geus ngahasilkeun Perda Propinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan miara basa, sastra, katut aksara daerah; No. 6 Taun 2003 ngeunaan miara kesenian, jeung No. 7 ngeunaan kapurbakalaan, kasajarahana, jeung nilai-nilai tradisional katut museum.

Eta Perda dipiharep teu semet dipake pikeun nyanghareupan hajat kawinan, atawa dina acara seserahan ngahiras jalma anu maher nyarita dina masrahkeun atawa narima calon panganten. Tapi kudu jadi tetekon anu kudu dibageakeun ku sakumna masarakat. Ku ayana eta Perda, mere kalaluasaan ka sakur masarakat enggoning (ceuk istilah Pa Wahyu Wibisana mah ‘ngabelejangkeun’) lain ukur basana, tapi oge budaya Sunda umumna. Hartina komunitas jeung organisasi kasundaan nu dikokolakeun sacara pribadi atawa formal bakal leuwih jongjon jeung teu perlu galideur dina ngahirup-huripkeun budaya sarakan. Anu perlu diperhatikeun nya eta maluruh jeung

ngahiap anggota masarakat sejenna saperti gegeden, pangusaha atawa pajabat anu nyepeng kalungguhan strategis di pamarentahan diajak pikeun paheuyeuk-heuyeuk, sabab nepi ka kiwari masarakat jeung komunitas anu haat kana kasundaan teu saimbang nambahna jeung ngaronjatna jumlah penduduk di Jawa Barat. Malah bisa disebutkeun angger, ngan eta-eta keneh. Dina ayana oge ngan ukur meredih menta bantuan keur kapentingan politik pribadina. Anu henteu karasa ku masarakat balarea.

Tarekah pribadi anggota masarakat Sunda anu ajeg haat kana kiprahna dina kasundaan nepi ka wanci kiwari oge jalmana masih eta-eta keneh. Contona wae nu dipilampah ku Uu Rukmana, anu gede perhatianana ka para pangarang katut seniman Sunda. Lain ukur nyumbangkeun pikiran, tapi wani jeung brona waragad. Ajip Rosidi, di sagedengeun ngaleler hadiah Rancage ka para pangarang, komunitas kasundaan, lembaga atikan, oge ngaliwatan tulisan-tulisanana ngauar-uar sangkan masarakat ngagunakeun basa Sunda ti mimiti lingkungan kulawarga,. Eta oge conto tarekah, sanajan can nembrak kaangseu ku sakumna masarakat tatar Sunda. Adang S. anu mingpin acara Caraka Sundanologi di televisi. Eta oge kaasup kana tarekah ngirut karep nonoman gagunakeun basa Sundana.

Pasanggiri Da'wah dina basa Sunda pikeun para nonoman katut para santri anu dijejeran ku PUSDAI Propinsi Jabar, Pasanggiri Biantara pikeun para nonoman jeung Karang Taruna, sarta maluruh Mojang Jajaka Parahyangan nu dilaksanakeun ku Disbudpar Propinsi oge seuhseuhanana mah enggoning ngaronjatkeun katineung nonoman Sunda kana basa katut budayana. Sabab pasehat ngagunakeun basa Sunda mangrupa sarat utama pikeun mojang jeung jajaka pinilih, di sagedengeun parigel basa asing, lega wawasanana, tur kamapuh intelektualna.

Ngaleler Hadiah Basa jeung Sastra pikeun para pangarang anu dilaksanakeun ku LBSS jeung Paguyuban Pasundan, Pasanggiri Ngajen Buku Carpon Mini anu dilaksanakeun ku Lembaga Kabudayaan Mekar Parahyangan (LKMP) nu gawe bareng jeung Kiblat Buku Utama katut PPSS. Debat Basa Sunda anu dilaksanakeun ku LSS ITB unggal dua taun sakali, Pasanggiri Maca Carpon, Sajak, Nembang Pupuh jeung Cerdas Cermat Basa Sunda (CCBS) anu dilaksanakeun ku HIMA Basa Sunda UPI, Pasanggiri Tembang Cianjuran anu dilaksanakeun ku DAMAS, Sawala Sastra anu dilaksanakeun ku PPSS, Pagelaran Sastra anu dilaksanakeun ku Teater Sunda Kiwari, Teater Tradisi, jeung rea-rea deui, jero-jeroanana ngabogaan udagan sangkan digunakeunana basa Sunda ku masarakatna.

*Mincukan* budaya Sunda ku rupa-rupa kagiatan saperti kitu, enas-enasna mah mangrupa tarékah sangkan budaya Sunda *ngalemah* di sarakanana sorangan, teu ukur dina implengan jeung harepan. Sugan jeung sugan dibungkus ku seremonial jeung diiming-iming hadiah mah naon anu dipharep bisa kahontal, sanajan merlukeun waktu jeung dana anu teu saeutik.

Gening ari ditataan mah masih keneh aya masarakat anu *peduli* (lain paduli) kana hirup huripna budaya Sunda sangkan teu katélér-télér. Nya buktina saperti conto anu ditataan di luhur. Dilaksanakeunana eta rupa-rupa kagiatan téh pikeun *ngecas* deui sikep jeung raga katineung masarakat Sunda kiwari kana budayana. Sugan ku kitu, bakal ngarojong jeung *ngadogong* kana kadariaan barudak dina diajar basa jeung sastra Sunda sacara formal di sakola kalawan hasilna nyugemakeun.

\*) Kungi dimuat dina Koran Mingguan *Galura*

\*\*\*) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI